

BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung pedaran ieu panalungtikan, bisa dicindekkeun:

Téma dina ieu novél nyaéta Entom Si *Riding boy* sosobatan jeung kuda pacu anu ngarana Si Sekar Panggung. Novél Si Sekar Panggung dibagi ku lima épisode. Ngaboggaan jalan carita anu ngaguluyur, sabab dina ieu novél téh galurna maju. Runtuyan galur dina novél *Si Sekar Panggung* kabagi jadi lima nyaéta *situation, generating circumstance, rising action, climax, jeung denouement*. Tokoh utama dina ieu novél nyaéta Si Entom jeung Si Sekar Panggung. Sedengkeun tokoh tambahan nyaéta aya Bapa jeung Indungna Entom, Mang Acép, Um Yance Supit, Pa Haji Tantowi/ Pa Haji SPBU, Néng Dinar, Pa Kadarsiman, Kusnandar, Ade Hasanah, Galih, Parjaman, Euis Farida, jeung Siti Aisyah, Cép Ridwan, Mas Wartu, Kang Wawan, jeung Mang Ohan, Kang Gilang, Catherin, étéh tukang warung, jeung *announcer*. Saluyu jeung fungsina, tokoh protagonis dina ieu novél aya tujuh tokoh jeung hiji tokoh antagonis. Dina panokohan, sakabéh tokoh anu aya dina novél *Si Sekar Panggung* kaasup kana tokoh basajan. Sedengkeun nilik kana mekar atawa henteuna, dina novél sekar panggung aya 20 tokoh anu asup kana tokoh statis jeung hiji tokoh mekar. Latar nu aya dina ieu novél kabagi jadi tilu nyaéta latar tempat anu ngawengku istal, jalan raya, *track*, sakola, *mounting yard*, tempat lomba pacuan kuda di Pangandaran, *Starting Gate*, jeung *boks pemenang*. Kadua latar waktu, dina ieu novél ngawengku jam genep isuk, minggu katukang, pasosoré, bada ashar, pisaminggueun, poé kemis, saptu soré, jeung poé ahad. Katilu latar sosial budaya nu aya dina ieu novél nyaéta perlombaan pacuan kuda. Sarana saster dina ieu novél kabagi jadi tilu aya judul, dina novél ieu pangarang nyokot judul tina salahsahiji tokoh utama nyaéta Si Sekar Panggung kuda pacu anu umurna tilu taun. Samentara puseur implengan dina ieu novél nyaéta jalma katilu anu ditandaan ku cara nyaritakeunna nyebutkeun ngaran tokoh. Pamungkas gaya basa. Gaya basa anu dipaké ku pangarang dina novél *Si Sekar Panggung* kawilang

basajan, sabab basa anu digunakeuna basa anu babari dipikaharti jeung dipaké sapopoé. Anapon kapanggih dua gaya basa dina novél *Si Sekar Panggung* nyaéta gaya basa ngumpamakeun jeung gaya basa rarahulan.

Psikologi perkembangan anu kapanggih dina novél *Si Sekar Panggung* aya tilu fase nyaéta fase ferual dimana fase ieu rumaja manggihan rasa teu percaya diri, gedé kawani tanpa mikirkeun résikona, jeung basa rahasia atawa basa sorangan anu ukur dipikaharti ku manéhna jeung kelompokna hungkul. Tuluy fase négatif dina fase ieu rumaja bakal boga sikep anu négatif atawa leuwih loba nolak. Hal ieu katitén dina novél *Si Sekar Panggung* ayana sikep négatif dina diri tokoh saperti ngalamun, embung diganggu, jeung sikep teu narima. Nu pamungkas nyaéta fase puber dimana dina fase ieu rumaja ngalaman parobahan boh dina fisikna boh dina jero dirina. Salain éta, dina ieu fase ogé rumaja geus bisa mamantes dirina sangkan narik perhatian, tapi masih éra-éra kénéh.

Dina hasil analisis fase ferual jeung fase négatif anu dominan dina diri Entom jeung Néng Dinar. Ieu disebabkeun teu saimbangna émosional jeung teu saimbangna dina sababaraha hal diumur sakitu, sabab dina umuran rumaja 13-16 taun téh masih kénéh néangan jati dirina, saacan nincak kana umur anu déwasa.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil analisis anu geus dilaksanakeun. Ieu panalungtikan téh miboga implikasi pikeun sababaraha pihak nyaéta:

1. Pikeun panalungtik, bisa ngajembaran élmu pangaweruh tina élmu atawa tiori anu digarap, bisa nyangking data ngeunaan psikologi perkembangan rumaja sangkan kahareupna bisa ditalungtik leuwih jero deui.
2. Pikeun masarakat, nambahan élmu pangaweruh ngeunaan psikologi perkembangan jeung kolot bisa leuwih maham kana prosés psikologi perkembangan rumaja.
3. Paguron luhur tempat kuliah panulis, ieu panalungtikan mugia bisa nambahan référénsi dina mata kuliah.

5.3 Rékomendasi

Sabada panalungtikan ngeunaan konflik psikologi perkembangan remaja dina novél *Si Sekar Panggung* karya Tatang Sumarsono dilaksanakeun, panalungtik ngarasa perlu nepikeun sababaraha rékomendasi pikeun pihak anu

Dini Damayanti, 2022

NOVÉL SI SEKAR PANGGUNG KARYA TATANG SUMARSONO (Ulukan Strukturan jeung Psikologi Perkembangan)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

aya patalina jeung ieu panalungtikan, sangkan leuwih gemet deui nalungtik perkara psikologi perkembangan.

Kahiji, dipiharep bisa ngajembaran perkara sumber-sumber paélmuan anu bisa méré mangpaat nu leuwih keur jalma réa. Kadua, ieu panalungtikan téh masih kénéh aya kakuranganana, pikeun panalungtik saterusna dipiharep bisa leuwih deui neuleuman atawa leuwih maham ngeunaan élmu psikologi sastra hususna psikologi perkembangan.